

OU DWE KONN DWA W: PWOPRIYETÈ KAY KI GEN IPOTÈK ENVÈS

Li fasil pou wè yo sezi kay pwopriyetè ki gen ipotèk envès yo. Aprann plis sou dwa w yo ak kijan pou pwoteje kay ou pou yo pa sezi l.

MEN SA OU BEZWEN KONNEN:

- Kreyansye w la ka sezi kay ou si ou pa **peye enpo fonsye w yo, asirans pou pwopriyetè kay, frè kondominyòm oswa frè asyosyasyon pwopriyetè kay, frè pou dlo ak frè pou jesyon dlo ize oswa asirans kont inondasyon**. Si ou te gen reta, ou ka retounen mete w ajou gras ak yon asistans dijans oswa yon plan ranbousman.
- Moun ki fè prè pou ipotèk envès yo dwe kontinye rete nan kay la (sof si yo absan pou rezon medikal). Si ou pa fè sa oswa si ou pa soumèt dokiman bay kreyansye w la ki konfime ke kay la se rezidans prensipal ou li toujou ye, kreyansye w la ka eseye sezi kay ou a.
- Avan pou yon kreyansye ta kòmanse yon pwoesisis sezi nan tribinal, li dwe voye yon "avi pre-sezi" espesyal pou ipotèk envès ba ou omwen 90 jou avan li ale nan tribinal. Si ou resevwa yon "Avi 90 Jou", chèche jwenn èd san pèdi tan. Ou ka jwenn konsèy nan domèn lojman ak konsèy jiridik gratis.
- Si ou resevwa dokiman nan men kreyansye ipotèk envès ou a, ou gen dwa pou "reponn"—reponn alekri epi fè tribinal la konnen pozisyon w. **Ka petèt gen defans jiridik enpòtan pou dosye a ke ou ka pèdi si ou pran tan pou "reponn" pwochè a.** Anplidesa, si kreyansye a pat konfòme l ak lwa pwoteksyon konsomatè Vil Nouyòk yo pou moun k ap fè prè pou ipotèk envès yo, ou ka fè reklamasyon pou domaj ak enterè kont kreyansye w la. Kidonk, li enpòtan pou chèche jwenn èd ak fè evalye ka w la tousuit.
- Moun k ap fè prè pou ipotèk envès yo (e nan kèk ka eritye yo, si moun sa mouri) gen dwa pou l fè yon konferans pou règleman nan tribinal, kote li posib pou negosye yon solisyon. **Si ou resevwa yon avi ki soti nan tribinal la ki fikse dat pou yon konferans pou règleman, pa inyore !!** Nan premye konferans règleman w lan, w ap gen yon chans ankò pou "reponn" plent lan, e petèt ou ka jwenn èd pou ede w "reponn" plent lan.
- Si ou panse ke kreyansye w la fè erè nan kont ou an, ou gen dwa pou egzije kreyansye w la mennen ankèt sou erè sa yo e ba w rapò sou ankèt li a.



917-661-4500

Legal Services NYC | 40 Worth Street, Suite 606, New York | legalservicesnyc.org

* Enfòmasyon ki nan fich ransèyman sa a pa reprezante yon konsèy jiridik.